رئاسة الشؤون الدينية
بالمسجد الحرام والمسجد النبوي

فَضَائِلُ وَآدَابُ المَسْجِدِ النَّبَوِيِّ وَأَحْكَامُ زِيَارَةِ قَبْرِ النَّبِيِّ ﷺ وَقَبْرَي صَاحِبَيْهِ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُمَا

شونا

Shona

Kukosha netsika dzeMasjid yaMuporofita, nemitemo yekushanyira guva raMuporofita (rugare nemakomborero aAllah ngazvive paari) nemakuva eshamwari dzake mbiri (Allah ngaavafarire)

Dare rezvedzidzo mubazi rehutungamiri hwenyaya dzechitendero paMasjid Al-Haram ne paMasjid An-Nabawi

فَضَائِلُ وَآدَابُ المَسْجِدِ النَّبَوِيِّ

وَأَحْكَامُ زِيَارَةِ قَبْرِ النَّبِيِّ ﷺ

وَقَبْرَي صَاحِبَيْهِ رَضِيَ اللهُ عَنْهُمَا

Kukosha netsika dzeMasjid yaMuporofita, nemitemo yekushanyira guva raMuporofita (rugare nemakomborero aAllah ngazvive paari) nemakuva eshamwari dzake mbiri (Allah ngaavafarire)

اللَّجْنَةُ العِلْمِيَّةُ

بِرِئَاسَةِ الشُّؤُونِ الدِّينِيَّةِ بِالمَسْجِدِ الحَرَامِ وَالمَسْجِدِ النَّبَوِيِّ

Dare rezvedzidzo mubazi rehutungamiri hwenyaya dzechitendero paMasjid Al-Haram neMasjid An-Nabawi

بِسْمِ اللهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

Kukosha netsika dzeMasjid yaMuporofita, nemitemo yekushanyira guva raMuporofita (rugare nemakomborero aAllah ngazvive paari) nemakuva eshamwari dzake mbiri (Allah ngaavafarire)

Nhanganyaya

Kurumbidzwa kwese ndekwa Allah (Mwari), Tenzi wezvisikwa zvese, uye makomborero nerugare ngazvive kune uyo akatumwa setsitsi kuzvisikwa zvese, pamwechete nemhuri yake nevatevedzeri vake (maSahaba), neavo vose vanotevera Sunnah yake, uye vachitungamirirwa negwara rake kusvika kuZuva reKutongwa. Mushure meizvi:

Iri igwaro pfupi, rinosanganisira zvinhu zvakanyanya kukosha zveMasjid an-Nabawi, netsika dzekuishanyira, netsika dzekushanyira guva raMuporofita, nemakuva evatevedzeri vake vaviri (rugare netsitsi dzaAllah ngazvive kwaari), ratakagadzirira vashanyi veMasjid an-Nabawi, kuti vave neruzivo nekujekerwa panyaya dzeukoshi hweMasjid yaMuporofita weUmmah (rugare netsitsi dzaAllah ngazvive kwaari), netsika dzekuishanyira nekuita munamato (Swalaah)

imomo. Tichitarisira kubva kuna Mupi anorupo rukuru anopa zvipo zvizhinji, kuti ribatsire, uye kuti ariite rakarurama, rakaitirwa Iye oga. Zvirokwazvo, ndiye akanakisisa kukumbirwa, uye ane rupo rukuru kune vanotarisira kwaari.

Dare rezvedzidzo

Chekutanga: Kukosha kweMasjid an-Nabawi

Allah (Mwari) Varikumusoro-soro vakati:

﴿وَرَبُّكَ يَخۡلُقُ مَا يَشَآءُ وَيَخۡتَارُۗ مَا كَانَ لَهُمُ ٱلۡخِيَرَةُۚ سُبۡحَٰنَ ٱللَّهِ وَتَعَٰلَىٰ عَمَّا يُشۡرِكُونَ ٦٨﴾

{Uye Tenzi vako vanosika zvavanoda uye zvavanosarudza. Ivo (vanhu) havana sarudzo. Mbiri ngaive kunaAllah (Mwari), uye vakakwirira pamusoro pezviya zvavanosanganisa navo.} [Al-Qasas: 68], Uye Allah (Mwari) vakasarudza nzvimbo iyi kuti ive Masjid yaMuporofita wavo (rugare nemakomborero aAllah ngazvive paari) uye vakaitsaurira nezvikomborero zvakawanda, zvinosanganisira:

Kuti ndeimwe yemaMasjid matatu anofambirwa nzendo dzekuenda kwaari:

Saka Abu Hurairah, Allah (Mwari) ngavafare naye, ane nhaurwa yaakanzwa kubva kuMuporofita, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari:

«لَا تُشَدُّ الرِّحَالُ إِلَّا إِلَى ثَلَاثَةِ مَسَاجِدَ: مَسْجِدِي هَذَا، وَمَسْجِدِ الحَرَامِ، وَمَسْجِدِ الأَقْصَى».

«Hapana rwendo rwunoitwa kunze kwekushanyira maMasjid matatu: Masjid yangu ino, Masjid al-Haram, uye Masjid al-Aqsa»[1].

Kuti munamato (Swalaah) unoitwa mairi uri nani kupfuura chiuru cheminamato (Swalaah) kune imwewo nzvimbo, kunze kweMasjid Al-Haram:

Saka Abu Hurairah, Allah (Mwari) ngavafare naye, ane nhaurwa yekuti: Muporofita, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

«صَلَاةٌ فِي مَسْجِدِي هَذَا خَيْرٌ مِنْ أَلْفِ صَلَاةٍ فِيمَا سِوَاهُ، إِلَّا المَسْجِدَ الحَرَامَ».

«Munamato (Swalaah) muMasjid yangu iyi uri nani kudarika chiuru cheminamato (Swalaah) kune imwe ipi nzvimbo zvayo, kunze kweMasjid al-Haraam»[2].

Kuti ndiyo Masjid iyo yakavambwa pamusoro pekutya Allah (Mwari) kubva pazuva rekutanga:

Abu Sa'id al-Khudri, Allah (Mwari) ngavafare naye, akati: Ndakapinda kuna Mutumwa waAllah (rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari) mumba memumwe wevakadzi vavo, ndokuti: “Imi Mutumwa waAllah (Mwari), ndeipi yemaMasjid

[1] Yakarondedzerwa naAl-Bukhari panhamba: (1189), naMuslim panhamba: (1397) uye mazwi acho ndeake.

[2] Yakarondedzerwa naAl-Bukhari panhamba (1190), naMuslim panhamba (1395) uye mashoko ndeaAl-Bukhari.

maviri iyo yakavakirwa paTaqwa?” Akati: Zvino vakatora tsama yetumatombo, ndokuturovera pasi, vachibva vataura kuti:

«هُوَ مَسْجِدُكُمْ هَذَا» لِمَسْجِدِ المَدِينَةِ.

«Ndiyo masjid yenyu iyi» kureva masjid yeMadinah[1].

Kuti mubairo wemutsvagi weruzivo mairi, wakafanana nemubairo weMujahid (anoshingaira) munzira yaAllah (Mwari):

Saka kubva kuna Abu Hurairah (Allah ngavafare naye), vakati: Ndakanzwa Mutumwa waAllah (rugare netsitsi dzaAllah ngazvive kwaari) achiti:

«مَنْ جَاءَ مَسْجِدِي هَذَا، لَمْ يَأْتِهِ إِلَّا لِخَيْرٍ يَتَعَلَّمُهُ أَوْ يُعَلِّمُهُ، فَهُوَ بِمَنْزِلَةِ المُجَاهِدِ فِي سَبِيلِ اللهِ، وَمَنْ جَاءَ لِغَيْرِ ذَلِكَ، فَهُوَ بِمَنْزِلَةِ الرَّجُلِ يَنْظُرُ إِلَى مَتَاعِ غَيْرِهِ».

«Ani naani anouya kuMasjid yangu iyi, asina chimwe chinangwa chaauyira kunze kwechakanaka chaanoda kudzidza kana kuchidzidzisa, anenge ari pachinhanho chemurwi munzira yaAllah (Mwari), uye ani naani anouyira zvisiri izvozvo, anenge ari pachinhanho chemunhu anongotarisa zvinhu zvemumwe munhu»[2].

Kuti imomo mune (nzvimbo inonzi) Rawdah Inoremekedzwa:

---

[1] Yakarondedzerwa naMuslim nenhamba: (1398).

[2] Yakarondedzerwa naIbn Maajah panhamba: (227) nenhevedzano yakasimba.

Saka Abu Hurairah, Allah (Mwari) ngavafare naye, ane nhaurwa yaakanzwa kubva kuMuporofita, rugare nemakomborero aAllah(Mwari) ngazvive pavari, apo vakati:

«مَا بَيْنَ بَيْتِي وَمِنْبَرِي رَوْضَةٌ مِنْ رِيَاضِ الجَنَّةِ، وَمِنْبَرِي عَلَى حَوْضِي».

«Pakati pemba yangu neminbar yangu pane bindu kubva mumapindu eJannah, uye minbar yangu iri pamusoro pedziva rangu»[1].

Chechipiri: Kukurudzirwa kwekushanyira Masjid yaMuporofita inoremekedzwa.

Nekuda kwekukosha uku nezvimwewo, zvinokurudzirwa kushanyira Masjid An-Nabawi kuitira kuita munamato (Swalaah) mairi pamwe nekuita mabasa ekunamata.

- Zvinokurudzirwa kune uyo ari kuita Hajj nevamwewo kushanyira Masjid Al-Nabawi asati aita Hajj kana mushure mayo, uye kushanya uku hakusi chimwe chezvinodiwa zveHajj, kana mbiru dzayo, kana zvinosungirwa zvayo, uye hakuna kubatana nayo.

- Uye hazvisungirwi pakushanyira Masjid yaMuporofita (rugare nemakomborero aAllah ngazvive paari) kuita nhamba yakatarwa yeminamato (Swalaah), kana kugara kwenguva

[1] Yakabvumiranwa. Al-Bukhari nhamba: (1195), Muslim nhamba: (1390).

yakatarwa kuMadinah, asi kushanya kwacho kunozadzikiswa nekuita munamato (Swalaah) mumwechete ungave uri wakamanikidzirwa kana usina, asi pese panowedzera nhamba yemunamato (Swalaah) mairi, mubairo unowedzerawo.

- Uye zvinokurudzirwa kune anoshanyira Masjid An-Nabawi kuti aite minamato yese inosungirwa imomo, pamwechete neminamato yekuwedzera; nekuda kwezvataurwa pakutanga zvekuti munamato (Swalaah) imomo iri nani pane chiuru cheminamato (Swalaah) mune chero imwe Masjid kunze kweMasjid Al-Haram.

Chechitatu: Tsika dzekushanyira Masjid yaMuporofita

Kana muMuslim achinge auya kuMasjid an-Nabawi, zvinokurudzirwa kwaari kuti azvishongedze netsika dzemutemo wechitendero dzine chekuita nemaMasjid ose zvawo, uye neMasjid an-Nabawi zvikurusei, idzo dzinoti:

Anofanira kuti auye kuMasjid akadzikama, nechiremera, nekuchena, nechitarisiko chakanaka, nekunhuhwirira kwakanaka, saka kubva kuna Abu Hurairah (Allah ngavafadzwe naye), kuti Mutumwa waAllah (rugare nemakomborero aAllah ngazvive paari) akati:

«إِذَا ثُوِّبَ لِلصَّلَاةِ فَلَا تَأْتُوهَا وَأَنْتُمْ تَسْعَوْنَ، وَأْتُوهَا وَعَلَيْكُمُ السَّكِينَةُ، فَمَا

أَدْرَكْتُمْ فَصَلُّوا، وَمَا فَاتَكُمْ فَأَتِمُّوا، فَإِنَّ أَحَدَكُمْ إِذَا كَانَ يَعْمِدُ إِلَى الصَّلَاةِ فَهُوَ فِي صَلَاةٍ».

«Kana munamato (Swalah) wadanirwa musauya kwauri muchimhanya, uyai kwauri muine kudzikama, saka (minamato) yamasangana nayo namatai, uye yakupfuurai zadzisai, nokuti zvirokwazvo kana umwe wenyu achienda kumunamato (Swalah) anenge ari pamunamato (Swalah)»[1], Uye zvakarondedzerwa kubva kuna Abu Sa'id al-Khudri, Allah (Mwari) ngavafare naye, kuti Muporofita, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

«الغُسْلُ يَوْمَ الجُمُعَةِ وَاجِبٌ عَلَى كُلِّ مُحْتَلِمٍ، وَأَنْ يَسْتَنَّ، وَأَنْ يَمَسَّ طِيبًا إِنْ وَجَدَ».

«Ghusl pazuva reJumu’ah kunomanikidzirwa kune munhu wese akayaruka, uye kushandisa Siwak, uye kuzora zvinonhuwirira kana achizviwana»[2], Kana ari mukadzi, kana auya kuMasjid, anofanirwa kunge akazvifukidza neHijaab yake, uye hazvibvumirwi kwaari kuti aise kana kuzora zvinonhuwirira nekuda kwechirevo cheMuporofita (makomborero nerugare ngazvive pavari):

---

[1] Yakarondedzerwa naAl-Bukhari panhamba (636), uye Muslim panhamba (602).

[2] Yakabvumiranwa, naAl-Bukhari panhamba (846), uye Muslim panhamba (858), uye muhtalim ndiye munhu asvika pazera rekuyaruka.

«إِذَا شَهِدَتْ إِحْدَاكُنَّ المَسْجِدَ فَلَا تَمَسَّ طِيبًا».

«Kana mumwe wenyu aenda kuMasjid, ngaasazora zvinonhuwirira»[1].

Kutungamidza tsoka yekurudyi pakupinda muMasjid an-Nabawiy, nekuita munamato wekupinda muMasjid. Saka zvinokurudzirwa kumushanyi kuti atungamidze tsoka yake yekurudyi pakupinda kwake muMasjid an-Nabawiy sekune mamwe maMasjid, uye aite munamato uyu:

«بِسْمِ اللَّهِ، وَالسَّلَامُ عَلَى رَسُولِ اللَّهِ، اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِي ذُنُوبِي وَافْتَحْ لِي أَبْوَابَ رَحْمَتِكَ».

«Bismillaahi, wassalaamu 'alaa rasuulillaahi, Allahumma ighfir lii dhunuubii waftah lii abwaaba rahmatika» ("Muzita raAllah (Mwari), uye rugare ngaruve paMutumwa waAllah (Mwari), O Allah, ndiregerereiwo zvivi zvangu uye ndivhurireiwo mikova yenyasha dzenyu.")[2] Uye saizvozvowo anoti:

«أَعُوذُ بِاللَّهِ العَظِيمِ، وَبِوَجْهِهِ الكَرِيمِ، وَسُلْطَانِهِ القَدِيمِ، مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ».

«Audhu billahil athiim, wa biwajhihil kariim, wa sultaanihil qadiim, min ash-shaytwaani ar-rajiim» "Ndotsvaga kudzivirirwa naAllah (Mwari)

[1] Yakarondedzerwa naMuslim nenhamba: (443).

[2] Yakarondedzerwa naIbn Maajah, nhamba (771), nengetani (sanadhi) yakasimba.

Mukurusa, uye neChiso chavo chinoremekedzwa, nesimba ravo risingaperi, kubva kuna Satani akatukwa"[1].

Kuita Tahiyyat al-Masjid: ISunnah kune uyo anopinda muMasjid an-Nabawi kuti aite minamato (Swalaah) mairi, kuti anamate maRak'ah maviri eTahiyyat al-Masjid asati agara pasi, sezvo mune nhaurwa kubva kuna Abu Qataadah Al-Haarith bin Rib'iy Al-Answaariy (Allah ngavafadzwe naye), akati: Muporofita (rugare nemakomborero aAllah ngazvive paari) vakati:

«إِذَا دَخَلَ أَحَدُكُمُ المَسْجِدَ، فَلَا يَجْلِسْ حَتَّى يُصَلِّيَ رَكْعَتَيْنِ».

«Kana mumwe wenyu achinge apinda muMasjid, ngaasagare pasi kusvika anamata maRak'ah maviri»[2].

Kushingairira kuita munamato (Swalaah) mumitsara yekutanga; nekuda kwekukosha kukuru kurimo, uye izvozvo hazviitiki kunze kwekukurumidza kuenda kwairi, nekuda kweHadeeth yaAbu Hurayrah (Allah ngavafare naye) yekuti Mutumwa waAllah (rugare nemakomborero aAllah ngazvive kwavari) akati:

«لَوْ يَعْلَمُ النَّاسُ مَا فِي النِّدَاءِ وَالصَّفِّ الأَوَّلِ، ثُمَّ لَمْ يَجِدُوا إِلَّا أَنْ يَسْتَهِمُوا عَلَيْهِ

[1] Yakarondedzerwa naAbu Dawud panhamba: (466), nengetani(sanadhi) yakasimba.

[2] Yakabvumiranwa, naAl-Bukhari nhamba: (1171), naMuslim nhamba: (714).

لَاسْتَهَمُوا».

«Dai vanhu vaiziva zviri mukudaidzira kuSwalaah (Adhaan) nemumutsara wekutanga, vobva vashaya imwe nzira pazviri kunze kwekukandira mujenya, zvirokwazvo vangadai vaikandira mujenya»[1], Uyezve nekuti Mutumwa waAllah (Mwari) rugare nemakomborero aAllah (Mwari) ngazvive paari akati kuVadzidzi vake (Allah ngavafadzwe navo):

«تَقَدَّمُوا فَأْتَمُّوا بِي، وَلْيَأْتَمَّ بِكُمْ مَنْ بَعْدَكُمْ، لَا يَزَالُ قَوْمٌ يَتَأَخَّرُونَ حَتَّى يُؤَخِّرَهُمُ اللهُ».

«Swederai mberi munditevere, uye avo vari shure kwenyu ngavakuteverei, pacharamba paine vanhu vanosara shure kusvikira Allah (Mwari) vavaisa shure»[2].

Asi kana vari vakadzi zvinenge zvakanaka kwavari kuti vanamatire mumitsara yekumashure, nekuva kure nevarume, nekuda kweHadeeth yaAbu Hurayrah (Allah ngavafadzwe naye), akati: Mutumwa waAllah (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) vakati:

«خَيْرُ صُفُوفِ الرِّجَالِ أَوَّلُهَا، وَشَرُّهَا آخِرُهَا، وَخَيْرُ صُفُوفِ النِّسَاءِ آخِرُهَا، وَشَرُّهَا أَوَّلُهَا».

[1] Zvakabvumiranwa, Al-Bukhari, nhamba (615), naMuslim, nhamba (437).
[2] Yakarondedzerwa naMuslim panhamba: (438).

«Mitsetse yakanakisisa yevarume ndeyekutanga, uye yakaipisisa ndeyekupedzisira, uye mitsetse yakanakisisa yevakadzi ndeyekupedzisira, uye yakaipisisa ndeyekutanga»[1], Asi kana vakaita munamato (Swalah) vari vega, kana kuti pakati pavo nevarume paine chinovapatsanura, sezvakaita mamiriro ezvinhu muMasjid an-Nabawi, saka mitsara yavo yakanakisa ndeyekutanga; nekuti chikonzero cheizvozvo chinenge chisipo.

Kunamata kumashure kwaImaam, uye kuchenjerera kumutangira; nekuda kwehadith yaAbu Hurayrah (Allah vafadzwe naye) yekuti Muporofita (rugare nemakomborero aAllah ngazvive paari) akati:

«إِنَّمَا جُعِلَ الإِمَامُ لِيُؤْتَمَّ بِهِ».

“Zvirokwazvo, Imaam akagadzwa kuti ateverwe.”[2]

Hazvibvumidzwi kumunhu anonamata kumira pamberi paImaam kunze kwekunge paine kumanikidzika uye mumasjid makazara nevanonamata zvekuti anoshaya nzvimbo yekunamatira kunze kwepamberi paImaam.

Kushingaira kuvhara mikaha nenzvimbo dzisina

---

[1] Yakarondedzerwa naMuslim panhamba (440).

[2] Yakarondedzerwa naAl-Bukhari panhamba: (722), uye Muslim panhamba: (417).

vanhu pakati pemitsara, nekuienzanisa, asi uchingwarira kuti usamanikidze vanhu nekuvashungurudza, nekudarika pamusoro pavo, uye nekupfuura nepamberi pevanhu vari kunamata; nekuti izvozvo zvinomupinza muzvivi.

Kunamata muRawdhah Ash-Shariifah kune uyo zvirinyore kwaari; izvi zvinobva muhadith yaAbu Hurairah (Allah ngavafare naye), kubva kuMuporofita (rugare nemakomborero aAllah ngazvive kwavari), avo vakataura kuti:

«مَا بَيْنَ بَيْتِي وَمِنْبَرِي رَوْضَةٌ مِنْ رِيَاضِ الجَنَّةِ، وَمِنْبَرِي عَلَى حَوْضِي».

«Nzvimbo uri pakati peimba yangu neminbar yangu ibindu kubva mumapindu ekuparadhiso (Jannah), uye minbar yangu iri pamusoro pedziva rangu»[1].

Uye hapana kukosha kwakatarwa kwakataurwa pamusoro pemunamato (Swalaah) muRawdah, asi zvakatsinhirwa kuti ibindu kubva mumapindu ekuparadhiso (Jannah) - sezvinoratidzwa muHadeeth yapfuura yaAbu Hurayrah (Allah ngavafare naye) - uye mabasa ekunamata anowedzerwa kukosha zvichienderana nekukosha kwenguva yawo nenzvimbo yawo.

* Uye mushanyi anosarudza nguva dzakakodzera dzekunamatira panzvimbo

[1] Yakabvumiranwa. Al-Bukhari nhamba: (1195), Muslim nhamba: (1390).

yeRawdah, otsvaga nguva dzinenge dzisina kumbunyikidzana kwevanhu, saka hazvibvumidzwi kuti adzvikinyidze hama dzake dzechiMuslim, kana kudarika pamitsipa yevanhu, kana kupfuura pamberi pevanhu vari kunamata nechinangwa chekunamatira imomo. Nekuti kunamata panzvimbo yeRawdah munamato wekuwedzera (Nafl), saka hazvitenderwi kuuita kuburikidza nekuita chiito chakarambidzwa (Haraam). Zvakare mushanyi anofanira kuve nechokwadi chekutevedzera nekuteerera mitemo yakatarwa nezvirongwa zvakarongwa zvekupinda panzvimbo yeRawdah, nekusarudza nguva dzakakodzera, nekushanda pamwechete nevaya vane basa rekuronga kupinda kwevashanyi imomo.

Kushandisa nguva zvakanaka nekuwanza mabasa akanaka anomuswededza pedyo neMusiki wake, Vakachena, sekuita munamato (Swalah), nekuverenga Qur'an, nekuita Dhikr, nekuita Du'a, nekupinda mumisangano yeDhikr, nezvidzidzo zveruzivo rwechitendero, nemagungano ekudzidzisa Qur'an Inokudzwa, nezvimwe zvinhu.

Kuremekedza Bhuku raAllah (Mwari) Samasimba vanoremekedzwa nekurichengetedza kubva pakutamba nemapepa aro, nekunyora pariri, kana kurizvidza nekurishora nekuisa shangu parutivi paro, kana kuriisa pasi nezvimwe zvakadaro, zvichibva pamashoko Avo

Varikumusoro-soro ekuti:

﴿ذَٰلِكَۖ وَمَن يُعَظِّمۡ شَعَٰٓئِرَ ٱللَّهِ فَإِنَّهَا مِن تَقۡوَى ٱلۡقُلُوبِ٣٢﴾

{Ndizvozvo. Uye ani naani anokudza zviratidzo zvaAllah (Mwari), saka zvirokwazvo, zvinobva mukutya kwemoyo.} [Al-Hajj:32].

Kudzikisa maziso kubva kune izvo zvakarambidzwa naAllah (Vane simba neukuru): Zvinosungirwa kumushanyi weMasjid yaMuporofita kuti adzikise maziso ake kubva kune izvo zvisingatenderwi kwaari kuti atarise, uye anofanira kuziva hukuru hwekuita chivi munzvimbo idzi, nezvirango zvinotevera pazviri, nekuti zvirokwazvo zvivi zvinokura muhukuru nemamiriro azvo zvichienderana nehukuru hwenguva nenzvimbo, uye saizvozvowo pamabasa ekuteerera (kuna Allah). Uye mukadzi wechiMuslim anofanira kushingirira pakutevedzera Hijab yepamutemo wechiIslam, uye kusaonesa pachena zvishongo zvake kuitira kuti asape miedzo kune varume, nekuti zvirokwazvo chivi cheizvi chikuru.

Kungwarira kuzviremedza nekutora mifananidzo kana kutarisa mifananidzo nemavhidhiyo munhare, uye nyaya iyi inowedzera kuva nenjodzi kana iyi mifananidzo nemavhidhiyo zvichirambidzwa (haraam).

Kuchengetedza Masjid an-Nabawi kubva kune

zvese zvisingakodzere mairi zvakadai sekukakavadzana, kusimudza izwi, kutsvaga zvakarasika, nekutengesa, nezvimwewo zvakadaro kubva muzvinhu zvisingakodzere kuitwa mairi kana mune mamwe maMasjid; nekuda kweHadiith yaAbu Hurairah (Allah ngavafare naye), kubva kuna Muporofita (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) kuti vakati:

«إِذَا رَأَيْتُمْ مَنْ يَبِيعُ أَوْ يَبْتَاعُ فِي المَسْجِدِ، فَقُولُوا: لَا أَرْبَحَ اللَّهُ تِجَارَتَكَ، وَإِذَا رَأَيْتُمْ مَنْ يَنْشُدُ فِيهِ ضَالَّةً، فَقُولُوا: لَا رَدَّ الله عَلَيْكَ».

«Kana mukaona munhu achitengesa kana kutenga mumasjid, muti kwaari: “Dai Allah (Mwari) vakasapa pundutso pakutengeserana kwako,” uye kana mukaona munhu achitsvaga chinhu chakarasika imomo, muti kwaari: “Dai Allah (Mwari) vakasachidzosera kwauri.”»[1]

Kukoshesa hutsanana pachako, nekuchenjerera hwema hwakaipa hwakaita segariki, hanyanisi, utsi, ziya, nezvimwe zvakadaro zvinokonzera kunetseka kuhama dzake dzinonamata; nekuda kwehadith yaJaabir bin Abdullah (Allah ngavafare naye) akati: Zvechokwadi Mutumwa waAllah (rugare nemakomborero aAllah ngazvive kwaari) vakati:

[1] Yakarondedzerwa naAt-Tirmidhi panhamba: (1321) uye Ibn Khuzaimah panhamba: (1305), neketani(sanadhi) yakasimba.

«مَنْ أَكَلَ ثُومًا أَوْ بَصَلًا، فَلْيَعْتَزِلْنَا - أَوْ قَالَ: فَلْيَعْتَزِلْ مَسْجِدَنَا - وَلْيَقْعُدْ فِي بَيْتِهِ».

«Uyo anodya gariki kana hanyanisi, ngaagare kure nesu - kana kuti akati: ngaagare kure neMasjid yedu - uye ngaagare mumba make»[1].

Kuchengetedza hutsanana hweMasjid an-Nabawi nekusarasa marara mukati meMasjid nemunzvimbo dzayo dzakaipoteredza; sezvisaririra zvezvekudya nezvinowarirwa pakudya kweIftaar zvikuru sei mumwedzi weRamadhan, kana kupfira mate munzira dzinofamba vanhu nemunzvimbo dzakavhurika, nezvimwe zvakadaro.

Dzivisa kuita munamato (Swalaah) munzira dzekufamba, pamikova yekupinda nekubuda, uye munzvimbo dzakazara vanhu, nekuda kwezvakaipa zvinokonzerwa naizvozvo, zvinoti kuvhara nzira, nekukanganisa maMuslim.

Kunamata kwevarume nevakadzi kunoitwa munzvimbo dzakatarwa kune mumwe nemumwe wavo, mukati meMasjid An-Nabawi kana munhandare dzayo, uye murume haanamati padivi pemukadzi, uyewo mukadzi haanamati padivi pemurume, pamwe nekungwarira kusamira pamberi paImam nepose paanogona.

[1] Yakarondedzerwa naAl-Bukhari panhamba (7359), uye Muslim panhamba (564).

Kutungamidza tsoka yekuruboshwe pakubuda muMasjid, uye anoti pakubuda:

«اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ مِنْ فَضْلِكَ».

«Allahumma innii as'aluka min fadhlika» "Veduwe-e Allah (Mwari), ndinokumbira kwamuri kubva mumakomborero enyu"[1]. Kana kuti anokumbirira Muporofita (rugare nemakomborero aAllah ngazvive kwaari) makomborero, uye anotaura kuti:

«رَبِّ اغْفِرْ لِي ذُنُوبِي، وَافْتَحْ لِي أَبْوَابَ فَضْلِكَ».

"«Rabbighfir lii dhunuubii, waftah lii abwaaba fadhlika» ("Tenzi ndiregerereiwo zvitadzo zvangu, uye ndivhurireiwo mikova yenyasha dzenyu.")[2]

Chechina: Mitemo netsika dzekushanyira guva raMuporofita (rugare nemakomborero aAllah ngazvive paari) nemakuva evatevedzeri vake vaviri (Allah ngavafarire vose vari vaviri)

* Zvinokurudzirwa kushanyira guva raMuporofita (rugare netsitsi dzaAllah ngazvive kwavari) nemakuva evatevedzeri vavo vaviri: Abu Bakr naUmar, Allah (Mwari) ngavafadzwe navo,

[1] Yakarondedzerwa naMuslim nenhamba: (713).
[2] Yakarondedzerwa naAt-Tirmidhi panhamba: (314), nesanadhi yakasimba.

kuvagari veMadinah nekune avo vanouya kwayiri sevashanyi kana vaenzi; nekuda kweumbowo hwese hunoratidza kutenderwa kwekushanyira makuva, kusanganisira mashoko avo (rugare netsitsi dzaAllah ngazvive kwavari) ekuti:

«نَهَيْتُكُمْ عَنْ زِيَارَةِ القُبُورِ، فَزُورُوهَا».

(Ndakakurambidzai kushanyira makuva, saka ashanyirei)[1].

Uye chinoratidza ukoshi hwekutumira rugare kuna Muporofita (rugare nemakomborero aAllah ngazvive kwavari) mushure mekushaya kwavo, mashoko avo (rugare nemakomborero aAllah ngazvive kwavari) anoti:

«مَا مِنْ أَحَدٍ يُسَلِّمُ عَلَيَّ، إِلَّا رَدَّ اللهُ عَزَّ وَجَلَّ إِلَيَّ رُوحِي حَتَّى أَرُدَّ عَلَيْهِ السَّلَامَ».

«Hapana munhu anondikwazisa nerugare, kunze kwekuti Allah (Mwari) vanodzosera mweya wangu kwandiri kusvikira ndamudzorera rugare rwake.»[2]

* Uye hazvitenderwi kuvakadzi kushanyira guva ravo (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) kana guva reumwe wemaMuslim, nekuti kushanyira makuva zvinotenderwa kune varume, kana vari vakadzi vakarambidzwa kushanyira

[1] Yakarondedzerwa naMuslim panhamba: (977).
[2] Yakarondedzerwa naAhmad, muMusnad panhamba: (10815), neisnaad yakanaka.

makuva, sekushumwa kubva kuna Ibn Abbas (Allah ngavafarire vese vari vaviri) vakati:

«لَعَنَ رَسُولُ اللَّهِ ﷺ زَائِرَاتِ القُبُورِ، وَالمُتَّخِذِينَ عَلَيْهَا المَسَاجِدَ وَالسُّرُجَ».

""Mutumwa waAllah (rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari) vakatuka vakadzi vanoshanyira makuva, neavo vanovaka maMasjid pamusoro pawo pamwe nemwenje.""[1], Uye Abu Hurairah, Allah ngavafare naye:

«أَنَّ رَسُولَ اللَّهِ ﷺ لَعَنَ زَوَّارَاتِ القُبُورِ».

(Kuti Mutumwa waAllah (rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari) vakatuka vakadzi vanoshanyira makuva)[2]

* Uye hazvitenderwe kutanga rwendo rwekushanyira guva raMuporofita (rugare nemakomborero aAllah ngazvive kwaari) kana aine chinangwa parwendo rwake chekushanyira guva chete, asi kuti anofanirwa kuva nechinangwa parwendo rwake chekushanyira Masjid nekuita munamato (Swalaah) mairi, saka kana agara kuMadinah zvinotenderwa kwaari kushanyira guva, sezvazvinotenderwa kuvagari vemuMadinah; nekuti Muporofita (rugare nemakomborero aAllah ngazvive kwaari) vakati:

---

[1] Yakarondedzerwa naAbu Dawud panhamba (3236), naat-Tirmidhi panhamba (320), naAn-Nasaa'i panhamba (2043).

[2] Yakarondedzerwa naat-Tirmidhi panhamba (1056), uye Ibn Maajah panhamba (1576), ne isnaad yakanaka.

«لَا تُشَدُّ الرِّحَالُ إِلَّا إِلَى ثَلَاثَةِ مَسَاجِدَ: مَسْجِدِي هَذَا، وَمَسْجِدِ الحَرَامِ، وَمَسْجِدِ الأَقْصَى».

«Nzendo hadzifanirwi kurongwa kunze kwekuenda kumamasjid matatu: Masjid yangu iyi, neMasjid al-Haraam, neMasjid al-Aqsa»[1].

Tsika dzinotenderwa pakushanyira guva raMuporofita (rugare netsitsi dzaAllah ngazvive kwavari) nemakuva evatevedzeri vavo vaviri, Allah (Mwari) ngavafadzwe navo.

Mushanyi anomira pamberi peguva raMuporofita (rugare netsitsi dzaAllah ngazvive kwavari) akatarisana neguva, obva akwazisa Muporofita (rugare netsitsi dzaAllah ngazvive kwavari) neruremekedzo neizwi riri pasi, achiti: "As-salaamu alayka yaa Rasulullah, wa rahmatullahi wa barakatuhu" (Rugare ngaruve kwamuri imi Mutumwa waAllah, netsitsi dzaAllah nemakomborero avo), uye kana akawedzera pane izvozvo akati: "Ash-hadu annaka qad ballaghta ar-risaalah, wa addayta al-amaanah, wa nasahta al-ummah, wa jaahadta fillaahi haqqa al-jihaad" (Ndinopupura kuti makasvitsa shoko, mukazadzisa chivimbo, mukarayira rudzi, uye mukarwira munzira yaAllah kurwa kwakafanira) hapana mhosva pane izvozvo; nekuti zvose izvi ichokwadi.

[1] Yakarondedzerwa naAl-Bukhari panhamba: (1189), Muslim panhamba: (1397) uye mashoko acho ndeake.

Pedzezvo anotora nhanho kurudyi kwake kuti ave akatarisana neguva raAbu Bakr As-Siddiq (Allah ngavafare navo) otaura kuti: (Rugare ngaruve kwamuri imi Abu Bakr As-Siddiq, rugare ngaruve kwamuri imi Khalifah weMutumwa waAllah (rugare nemakomborero aAllah ngazvive kwavari), Allah (Mwari) ngavafare nemi uye vakufadzei, uye ngavakupei mubairo wakanaka pachinzvimbo cheUmmah yaMuhammad (rugare nemakomborero aAllah ngazvive kwavari).)

Pedzezvo anotora nhanho imwe kurudyi kwake kuti atarisane neguva raUmar bin al-Khattab (Allah ngavafare naye), achiti: (Rugare ngaruve kwauri iwe Umar al-Farooq, Allah (Mwari) ngavafare newe uye vakufadze, uye vakupe mubairo wakanaka pachinzvimbo cheUmmah yaMuhammad (rugare nemakomborero aAllah ngazvive kwavari).)

Uye Ibn Umar, Allah (Mwari) ngavafadzwe naye nababa vake, paaidzoka kubva parwendo aiuya paguva raMuporofita (rugare nemakomborero aAllah ngazvive kwavari) obva ataura kuti: "«Assalaamu alayka yaa rasoolallah, assalaamu alayka yaa abaa bakr, assalaamu alayka yaa abataah.» (Rugare ngaruve pauri, Veduwe-e Mutumwa waAllah, rugare ngaruve pauri, Veduwe-e Abu Bakr, rugare ngaruve pauri, Veduwe-e baba

vangu), pedzezvo obva aenda.[1]

Haafanire kubata madziro eguva kana fenzi, uye haafanire kuatsvoda:

Imam Malik, Allah (Mwari) ngavamunzwire tsitsi, akati: "Kana achikwazisa Muporofita (rugare nemakomborero aAllah ngazvive paari), anomira chiso chake chakatarisa kuguva; kwete kuQiblah, uye anoswedera pedyo, okwazisa, uye haabati guva neruoko rwake"[2].

Uye vadzidzi vakabvumirana kuti munhu haafaniri kubata guva raMuporofita (rugare netsitsi dzaAllah ngazvive kwavari) neruoko rwake kana kuritsvoda.

Ngaasarebesa kumira paguva, asi kuti oita salaam obva aenda.

Imam Malik, Allah (Mwari) ngavamunzwire tsitsi, akati: "Handioni zvakafanira kuti munhu amire paguva reMuporofita (rugare netsitsi dzaAllah ngazvive kwavari) achiita dua, asi anopa salam opfuura"[3].

Uye Naafi', Allah (Mwari) ngavamuitire tsitsi, akati: "Ibn Umar aipa salaam (kukwazisa) paguva.. Ndakamuona kazana kana kudarika achiuya paguva otaura kuti: Rugare ngaruve kuna

---

[1] Yakarondedzerwa naAl-Bayhaqi muAs-Sunan Al-Kubra panhamba: (10271), nenhevedzano yevatauri yechokwadi (Sahih).

[2] Ash-Shifaa lil-Qaadi 'Iyaad (2/ 199).

[3] Ash-Shifaa lil-Qaadhi 'Iyaadh (2/ 199).

Muporofita (rugare nemakomborero aAllah ngazvive paari). Rugare ngaruve kuna Abu Bakr, rugare ngaruve kuna baba vangu, obva aenda"[1]

Asi zvinoitwa nevamwe vashanyi zvekusimudza mazwi paguva ravo (rugare netsitsi dzaAllah ngazvive kwavari) nekumira kwenguva ndefu ipapo; zvinopesana nezvinotenderwa.

Hazvitenderwi kuita du'a kuna Mutumwa (rugare nemakomborero aAllah ngazvive kwaari) kana kune chero zvimwe zvisikwa uchikumbira kuunzirwa rubatsiro kana kubvisirwa dambudziko, kana kukumbira kuzadziswa kwechido, kana kubvisirwa nhamo, kana kuporeswa kwemurwere, kana kukumbira kurevererwa, kana kununurwa kubva mukurangwa, kana zvimwe zvakafanana neizvozvo mumhando dzedu'a, nekuti kuita du'a kune zvimwe zvinhu zvisiri Allah (Mwari) pazvinhu zvisingakwaniswe nemumwe kunze kwaAllah (Mwari) kunorambidzwa uye ishirk huru, Allah (Mwari) Varikumusoro-soro vakati:

﴿وَقَالَ رَبُّكُمُ ٱدۡعُونِيٓ أَسۡتَجِبۡ لَكُمۡۚ إِنَّ ٱلَّذِينَ يَسۡتَكۡبِرُونَ عَنۡ عِبَادَتِي سَيَدۡخُلُونَ جَهَنَّمَ دَاخِرِينَ ٦٠﴾

"Uye Tenzi venyu vakati: “Ndidanei, ndichakupindurai. Zvirokwazvo, avo

[1] Yakarondedzerwa naAl-Ajurri mubhuku raAsh-Shari'ah (5/2374), nhamba (1853).

vanozvitundumadza vachisiya kundinamata, vachapinda Gehena vakadzikisirwa." [Ghafir:60] Uye Allah (Mwari) vanorumbidzwa vakati:

﴿إِنَّ ٱلَّذِينَ تَدۡعُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ عِبَادٌ أَمۡثَالُكُمۡۖ فَٱدۡعُوهُمۡ فَلۡيَسۡتَجِيبُواْ لَكُمۡ إِن كُنتُمۡ صَٰدِقِينَ ١٩٤﴾

{Zvirokwazvo, avo vamunonamata kunze kwaAllah (Mwari) varanda vakafanana nemi. Saka vadanei uye ngavakupindurei kana muri vechokwadi.} [Al-A'raaf:194], Uye Allah (Mwari) vane hukuru Varikumusoro-soro vakataura kuti:

﴿وَأَنَّ ٱلۡمَسَٰجِدَ لِلَّهِ فَلَا تَدۡعُواْ مَعَ ٱللَّهِ أَحَدٗا ١٨﴾

{Uye kuti maMasjid ndeaAllah (Mwari), saka musanamate pamwe naAllah ani naani zvake...}

[Al-Jinn: 18].

Haaiti dua kuna Allah (Mwari) ari paguva, kana achida kuita dua anosuduruka kubva paguva, otarisa kuQiblah oita dua, uye haatarisi kuguva pakuita dua.

Uye Imam Malik, Allah (Mwari) ngavamunzwire tsitsi, akati: "Handioni zvakakodzera kuti munhu amire paguva raMuporofita (rugare netsitsi dzaAllah ngazvive kwavari) achiita dua".

Hazvitenderwe kugaroenda kuguva kakawanda pakupinda muMasjid kana kubuda mariri, kungava kuvagari vemuMadinah kana kuvashanyi vanobva kunze kwayo; nekuti panotyirwa kuti izvozvo

zvingava kutora guva seEid.

Uye Mutumwa waAllah (Mwari), rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakarambidza izvozvo vakati:

«لَا تَتَّخِذُوا قَبْرِي عِيدًا، وَلَا تَجْعَلُوا بُيُوتَكُمْ قُبُورًا، وَحَيْثُمَا كُنْتُمْ فَصَلُّوا عَلَيَّ، فَإِنَّ صَلَاتَكُمْ تَبْلُغُنِي».

(Musaita guva rangu senzvimbo yemutambo, uye musaita dzimba dzenyu makuva, uye kwese kwamunenge muri nditumirei makomborero, nekuti makomborero enyu anosvika kwandiri)[1].

Uye zvinoreva kuti: "Musaita guva rangu Eid (mutambo)" zvinobva pakudzokera kwariri panguva kana mumamiriro ezvinhu akatarwa, sekutara kurishanyira zuva rega rega, kana vhiki rega rega, kana mwedzi wega wega. Kana mumamiriro ezvinhu akati kuti, anoti kana avapo rinoshanyirwa, uye zvinonzi: zvichireva kuti musariita mwaka wamunoungana pariri[2].

Uye Imam Malik (Allah ngavamunzwire tsitsi) akati: "Uye hazvisungirwi kune munhu wemuMadinah anopinda muMasjid nekubuda mairi kumira paguva, asi izvozvo ndezvevatorwa

[1] Yakarondedzerwa naAhmad muMusnad panhamba: (8804), neIsnad yakanaka.

[2] Tarisa: Al-Mufradat yaRaghib al-Asfahani (peji: 594) Sharh as-Sudur bi Tahrim Raf' al-Qubur yaShawkani (peji: 16).

chete"[1].

Uye kutaura kwake, Allah ngavamuitire tsitsi kuti: "Zvirokwazvo izvozvo ndezvevatorwa": zvichireva kungoshanya chete, kwete kudzokorora kushanya pakupinda nekubuda."

Munhu haafaniri kumira pamberi peguva aine chimiro chemunamati chekuisa rumwe ruoko pamusoro perumwe pachipfuva kana nechepasi pacho; nekuti chimiro ichi ndeche pamunamato (Swalaah) chete, uye chiri chimiro chekuzvininipisa nekuzviisa pasi chisingakodzeri kuitirwa ani naani zvake kunze kwaAllah Vanorumbidzwa uye Varikumusoro-soro (Subhaanahu wa Ta'aalaa).

Hazvitenderwi kutarisana neguva kubva kunzvimbo iri kure kuitira kupa rugare kuMuporofita (rugare netsitsi dzaAllah ngazvive kwavari) sezvinoitwa nevamwe vanhu; nekuti izvi hazvina kuitwa neVadzidzi, Allah (Mwari) ngavafadzwe navo, kana nevatangiri vakanaka kubva kunyanzvi ina nevamwewo.

Kusatendeukira kuguva rinoera nedua kana nekuverenga Qur'an nezvimwe zvakaita saizvozvo kubva kudivi ripi zvaro, nekuti izvi ndezvemhando imwechete yeizvo zvakatanga kubva muzvinhu zvitsva zvakaunzwa muchitendero, uye hazvitenderwi kumuMuslim kuti aunze

[1] Ash-Shifaa yaAl-Qaadii 'Iyaad (2/ 204), Al-Madkhal yaIbn Al-Haajj (1/ 262).

muchitendero chake zvinhu zvitsva zvisina kubvumirwa naAllah, uye zvirokwazvo Imam Malik (Allah ngavamunzwire tsitsi) vakashora mabasa akafanana neiri, uye vakati: «Hapana chingagadzirise vekupedzisira verudzi urwu kunze kweizvo zvakagadzirisa vekutanga varwo»[1].

Kusabatikana nekutora mifananidzo uye kutepfenyura zvakananga panguva yekukwazisa muporofita (rugare nemakomborero zvaAllah ngazvive paari).

Uye Allah (Mwari) ngavakomborere nekupa rugare kune Muporofita wedu Muhammad, nemhuri yavo, nemaSwahaba avo, uye vave nerugare navo.

❋❋❋

[1] Majmuu' Fataawaa yalbn Baaz (16/ 110).

Zviri mukati

Kukosha netsika dzeMasjid yaMuporofita, nemitemo yekushanyira guva raMuporofita (rugare nemakomborero aAllah ngazvive paari) nemakuva eshamwari dzake mbiri (Allah ngaavafarire).....2

Nhanganyaya 2

Chekutanga: Kukosha kweMasjid an-Nabawi.....3

Chechipiri: Kukurudzirwa kwekushanyira Masjid yaMuporofita inoremekedzwa. 6

Chechitatu: Tsika dzekushanyira Masjid yaMuporofita.....7

Chechina: Mitemo netsika dzekushanyira guva raMuporofita (rugare nemakomborero aAllah ngazvive paari) nemakuva evatevedzeri vake vaviri (Allah ngavafarire vose vari vaviri) 18

❋❋❋

sn492v1.0 - 02/11/2026

حرمين

رئاسة الشؤون الدينية
بالمسجد الحرام والمسجد النبوي

رسالة الحرمين

Message of The Two Holy Mosques

Guidance content for the visitors of the Holy Mosque and the Prophet's Mosque in languages.